



### **Akademisyen Gesner JEAN-PAUL**

#### **Prezantasyon**

Gesner Jean-Paul fèt Petyonvil 19 novanm 1943. Li gen yon fòmasyon nan pedagoji ak yon lòt nan lengwistik. Etid lengwistik la koumanse nan - ILA (Institut de Linguistique Appliquée) pou li fini nan CLAP (Centre de Linguistique Appliquée de Port-au-Prince) pandan 3 lane, 1978-1981. Fòmasyon sila yo penmèt li travay kòm pwofesè kreyòl nan fòmasyon mèt lekòl nòmal, nan fòmasyon teknisyen nan sante piblik ak nan alfabetizasyon.

#### **Piblikasyon**

Gesner JEAN PAUL ekri 2 liv nan kad CLAP :

- *Mayi*, 1982
- *Diri*, 1982.
- *Li pibliye tou plizyè atik nan journal Bon Nouvèl, Le Petit Samedi Soir ak journal L'Union.*

#### **Angajman**

Gesner JEAN-PAUL angaje nan fòmasyon moun epi li travay anpil nan domèn sa yo

- Edikasyon
- Rechèch

Se Fakilte Lengwistik Aplike ki te depoze dosye kandidati Gesner JEAN-PAUL pou kòm Akademi Kreyòl Ayisyen